

South Carolina: Fèy Enfòmasyon pa Semèn konsènan Ouragan Ian – 13 Janvyè 2023

Release Date: Jan 6, 2023

Redrèsman dapre Chif

- FEMA ak Administrasyon Ti Biznis Ameriken apwouve **\$3.56 milyon nan asistans federal** pou sivivan Ouragan Ian, ki te frape South Carolina nan **mwa septanm 2022**. Sa gen ladan:
 - **\$2,000,705** nan asistans FEMA te apwouve pou moun ak fanmi yo tankou:
 - **\$1,685,155** ki apwouve pou asistans pou lojman
 - **\$315,550** ki apwouve pou lòt bezwen ki gen rapò avèk katastwòf la
 - **\$1,566,600** nan prè SBA akòde akòz katastwòf la te apwouve pou pwopriyetè kay lokatè ak biznis yo
- Dat limit pou aplike pou asistans FEMA se **lendi 23 janvyè 2023**.

Mesaj Kle yo

Enskripsyon pou Asistans Federal FEMA ap fèmen nan Yon Semèn

- Pwopriyetè kay ak lokatè nan konte **Charleston, Georgetown ak Horry** ki te gen domaj nan kay yo apre Ouragan Ian gen jiska **lendi 23 janvyè**, pou yo aplike pou asistans federal akòz katastwòf la.
 - Pou aplike pou asistans FEMA, ale sou sitwèb [DisasterAssistance.gov](https://www.DisasterAssistance.gov), itilize aplikasyon mobil [FEMA](https://www.FEMA.gov) oswa rele **Liy Èd FEMA nan nimewo 800-621-3362**. Operatè Liy Èd yo pale anpil lang epi liy yo louvri depi **7 a.m. Jiska 11 p.m. Chak jou**.

Jwenn Konsèy konsènan Reparasyon Rekonstwiksyon ant 10 ak 14 Janvyè nan Home Depot ki nan Myrtle Beach



FEMA

Page 1 of 3

- Sitwayen k ap repara ak rekonstwi kay yo apre Ouragan Ian kapab ale nan Home Depot ki nan Myrtle Beach pou yo resewa sijesyon ak konsèy sou fason pou fè kay yo pi solid ak pi pwoteje kont siklòn ak lòt danje.
 - **10-14 janvyè**, 8 a.m. jiska 6 p.m.; Home Depot, 951 Oak Forest Lane, Myrtle Beach, SC 29577
 - **16-21 janvyè**, 8 a.m. jiska 6 p.m.; Home Depot, 620 Hwy. 17 N, North Myrtle Beach, SC 29582

Prè SBA akòz Katastwòf Ede Sitwayen South Carolina yo rekonstwi Kay yo yon fason pi Solid

- Sitwayen ak pwopriyetè biznis South Carolina ki gen pwopriyete yo ki te pran domaj akòz Ouragan Ian ant 25 septanm ak 4 oktòb kapab rekonstwi pwopriyete yo yon fason pi solid depi yo aplike pou prete lajan akòz katastwòf nan [Administrasyon Ti Biznis Ameriken \(U.S Small Business Administration, SBA\)](https://www.sba.gov/funding-programs/disaster-assistance/mitigation-assistance). Pwogram pou prete lajan akòz katastwòf **gen ladan finansman pou diminisyon dega pou redui domaj pidevan nan pwopriyete yo** nan yon katastwòf sanblab. <https://www.sba.gov/funding-programs/disaster-assistance/mitigation-assistance>
 - Pifò moun ki aplike yo **ka kalifye pou yon ogmantasyon nan lajan y ap prete a jiska 20 pousan domaj fizik yo**, jan SBA verifye sa, pou yo fè depans reparasyon yo. **Finansman prè pou diminisyon dega se yon diplis nan kantite lajan prè yo apwouve akòz katastwòf la.** Menmsi sitwayen yo te gen pifò domaj yo kouvri avèk asirans, yo kapab aplike pou prete yon kantite lajan minimòm nan SBA akòz katastwòf pou diminisyon dega avèk enterè ki ba pou yo fè reparasyon pou pwoteje kay yo oswa biznis yo.

Fason pou Prezante Dokiman ki Montre ou se Pwopriyetè oswa Lokatè Kay pou FEMA

- Nan pwosesis asistans lan akòz katastwòf la, FEMA dwe detèmine moun ki posede oswa lwe kay ki domaje a se adrès prensipal li. FEMA te fè li pi fasil pou sivivan katastwòf yo nan konte Charleston, Georgetown ak Horry ki te fèt nan Ouragan Ian pou verifye yo se pwopriyetè oswa lokatè kay yo. fema.gov/fact-sheet/how-document-home-ownership-and-occupancy-fema-0

Asistans akòz Katastwòf Disaster



FEMA

Page 2 of 3

- **Asistans Legal Gratis akòz Katastwòf.** Sitwayen ki pa touche ase revni ak sitwayen frajil ki te afekte nan Ouragan Ian epi ki pa gen mwayen pou anboche avoka yo ka rele liy dirèk legal la gratis nan nimewo **877-797-2227**, **ekstansyon 120**, oswa rele liy South Carolina: nan nimewo **803-576-3815** pou mande asistans. **Liy yo louvri ant 9 a.m. ak 5 p.m., lendi jiska vandredi.**
 - Sivivan Ouragan Ian yo ka kontakte Sèvis Legal South Carolina nan nimewo **888-346-5592** ant **9 a.m. ak 6 p.m. Lendi jiska jedi** oswa prezante yon demann sèvis legal akòz katastwòf sou sitwèb www.lawhelp.org/sc/online-intake.

Fason pou Konteste Desizyon FEMA

- Pati ki pi enpòtan pou konteste detèminasyon FEMA se konnen dat limit ou yo. Ou gen 60 jou apati dat FEMA mete sou nan lèt refi a pou mande pou voye kontestasyon ou ba FEMA.
- Li enpòtan pou ajoute dokiman oswa enfòmasyon FEMA mande yo epitou sonje pou mete yon kopi lèt detèminasyon FEMA. FEMA ka mande ou lèt asirans pwopriyetè kay ou tou, prèv ki montre w ap viv nan kay la, prèv ki montre kay la se pou ou oswa estimasyon kontraktè yo pou reparasyon yo.
 - Pa bliye siyen ak date lèt kontestasyon ou epi voye li pa lapòs nan adrès: **FEMA National Processing Service Center, P.O. Box 10055, Hyattsville, MD 20782-8055**
 - Oswa fakse li nan nimewo: **800-827-8112, Atansyon: FEMA**



FEMA